Темэр: Псалъэуха лІэужьыгъуэхэр.

Мурадыр: Псалъэухахэр я мыхьэнэк1э зэра1уатэу, зэрыупщ1эу, хэ1этык1ауэ къызэрык1уэр еджак1уэхэм къагурыгъэ1уэн. Апхуэдэ псалъэухахэр къапсэлъыфу, щыуагъэншэу ятхыфу еджак1уэхэр егъэсэн, я пэжырытхыр егъэф1эк1уэн.

Анэм теухуа псалъэжьхэр жегъэ1эн, джэгук1эхэмк1э гъэджэгун, бзэм зегъэужьын, адэ-анэр ф1ыуэ ялъагъуу, ялъытэу сабийхэр гъэсэн.

Урокым и ек1уэк1ык1эр

1**. Урокым и пэублэ.**

1) Еджак1уэхэр урокым зэрыхуэхьэзырым к1элъыплъын, темэмрэ мурадымрэ щыгъуазэ щ1ын.

2. Урок блэк1ам яджар къэпщытэн.

1) Псалъэухар зищ1ысыр еджак1уэхэм ягу къэгъэк1ыжын.

2) Псалъэ гупым псалъэухахэр къыхэщ1ык1ын, псалъэухахэм и грамматическэ лъабжьэр къыхэгъэщын.

Егъашхэ анэм, сабийр.

Зыщагъэпск1ащ, ц1ык1ухэм, псым, щ1алэ.

Шырхэр, тесщ, бабыщ, псым.

3. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.

4. Темэщ1эр егъэджын.

1) Темэщ1эм хуэзыгъэхьэзыр лэжьыгъэ.

- Лэжьыгъэ № 221. Пхъум и псалъэ гуапэхэм къегъэджэн, къэпсэлъык1эм еджак1уэхэр к1элъыгъэплъын. Макък1э къыхагъэща псалъэухахэр къыжыф1э.

-Дауэ хущыт пхъур анэм?

-Фэ фи анэхэм дауэ фахущыт?

- Уи мамэ къыщалъхуа махуэм сыт хуэдэ псалъэхэмк1э зыхуэбгъэза?

- Сыт хуэдэ саугъэт хуэбгъэфэща а махуэм уи анэм?

- Сытк1э удэ1эпыкърэ уэ уи анэм?

2) Анэм теухуа псалъэжьхэр жегъэ1эн, дауэ къывгуры1уэрэ мыхэр?

-Анэр нэм хуэдэщ. Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ. Анэм и щапхъэр пхъум и бзыпхъэщ.

Уи адэм и щ1ап1эр гъэдахэ, уи анэм дахэу епсалъэ.

3) Псалъэухахэр я къэпсэлъык1эк1э зыхуэдэр къыжа1э.

Нобэ музеим сок1уэ.

Нобэ музеим сык1уэрэ?

Нобэ музеим сок1уэ!

Выводхэр ящ1.

Псалъэр жызы1эм ищ1э 1уэхугъуэр къи1уатэмэ, **зэра1уатэ** псалъэухак1э йоджэ.

Псалъэр жызы1эр зыгуэрым щ1эупщ1эмэ, зэрыупщ1э псалъэухащ.

Ц1ыхур къи1уатэ 1уэхугъуэм гуф1эгъуэ, гушхуэныгъэ хэлъмэ, хэ1этык1а псалъэухащ.

5. Темэщ1эр егъэбыдыл1эн.

1) Правилэм къоджэ тхылъымк1э.

2) Еджак1уищым правилэр я псалъэк1э жа1эж, щапхъэхэр къахь.

3) Лэжь. № 223–р жьэры1уатэу ягъэзащ1э, упшщ1эхэм жэуап ират, псалъэухахэр зыхуэдэр ягъэбелджылы.

4) Лэжь. №224 –р тхыгъэк1э ягъэзащ1э, зэрыупщ1э псалъэухахэр ятх.

5) Джэгук1э:

Псалъэм псалъэ къыхащ1ык1.

6. Печатнэ тетрадымк1э гъэлэжьэн.

Шыпсыранэ-шы, псы, анэ, нэ, сыр, шыпс, псынэ, нэпс, псэ, пасэ, санэ, шын, нып.

7. Унэ лэжьыгъэ етын. Лэжь. 222.тетр. н-68(2).

8. Выводхэр, урокым ехьэл1ауэ.

- Сытым нэхъ гугъу фыдехьа?

-Сыт щ1эуэ къэфщ1ар?

- Оценкэхэр гъэувын.